Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 16 (7156)
24 апрель 2015 с.
Рузман
Багьа 5 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.
Унсоколо районалъул газета «Садовод»
sadovoduns@yandex.ru

**Ветераназулгун дандчIвай**



**Дир рагъулал сонал**



**Наркомание гьукъизе ккола**



Экстремизм, терроризм

## ГIайиб гьечIел тIатинаризе ккола

Гьал къоязда Унсоколо районалъул нухмалъулелгун дандчIвана Дагъистан республикаялъул муфтиясул замал Маматханов ХIабиб-хIажи, МутIалимов Магьди-хIажи ва Мангуев Мух1амадх1ажиги. ДандчIваялда рукIана районалъул имам Сидикъов ПалихIажи ва цогидалги диниял церехъаби.

ДандчIваялъул аслияб мурадлъун букIана районалда экстремизм-терроризм лъугIизабулаго тIад би ва цIикIкIараб такъсир гьечIел гIолохъабазе кумек гьабиялъул суал. Гьелда хурхун ригIа-ракьанде щварал кIалъаял гьаруна муфтиясул заместителаз. Гьез бихьизабуна цебе цIакъго цIикIкIун букIараб такъсирчилъи республи-каялда ва нужер районалдаги ахирияб заманалда гIезегIанго гIодобе кканин, чIвай-хъвеял дагьлъанин, хьул бугин нужер цIияб нухмалъиялъ тIад такъсир гьечIел гIолилал цIуниялъе кколеб хIалтIиги гьабун, ракълилаб гIумроялде район цIаялъе хехал тадбирал гьарилилан,-абун. Гьединал хIалтIаби гьарулаго жидеца кIвараб кумек гьабизе бугиланги бихьизабуна гьез.

Данделъиялда гьеб суалалда хур хун гьаризесел хIалтIабазда тIадчIей гьабуна Къуваталъулал структурабазул хIалтIухъабаз. ГIолохъаби мекъаб нухалъ иналъе гIилла бугин хIалтIаби ва магIишат гьабиялъе ресал гьечIолъи,-ян бихьизабуна гьез. Гьеб рахъ хIисабалде босизе ва гIайиб тIаса бахъулесда божизе бегьулищали бихьизе кколиланги бичIчIизабуна.



Гьединго бихьизабуна руччабазда гьоркьоб хIалтIи гьабизе ккелиланги.

- Бищунго экстремизм-терроризмалъул кьогIлъи хIехьана гендерица ва гьездаго цадахъ дицаги,-ян абуна гьеб росдал бетIер А. МухIамадовас. -АнцIила щуго соналда жаниб, кигIанго жидерго гIайибалдалъун руго-ниги нижер росулъа чIвана 58 чи. ГьабсагIаталда бакъбаккул пачалихъазда руго 211 чи. Гьединаб къисмат ккаразулъ камулел гьечIо гIайиб гьечIого гьоркьоре ккаралги. Щивав лъикIго лъазавун, хIалтIи букIинеселъе зарал кьоларедухъ бачине ккола хадубккун.

- ПIадатиял гIадамазда чIалгIун буго КТОялги спецоперациялги. Бокьилаан ахIвал-хIал тIокIкIинабизе. Гьеб ишалъе квербакъизе рачIарал гьал гIадамазе Аллагьас кинабго лъикIлъи хъваги!,-ян гьаризеги бокьун буго.

Гьанибго динияб управлениялъ ракI унтун гьабулеб кумекалъухъ баркала кьуна районалъул бетIерасул ишал тIуралев П. НурмухIамадовас ва зам. С. АхIмадовас. Гьенибго бихьизабуна мугIрузулаб округалда «Перемирия и согласия Центр» гIуцIизе. Гьеб бук1ине буго Шамильхъалаялда. Ахиралда динияб управлениялъул вакилзабаз районалъе гьабуна лъикIаб дугIа.

Терроризм ва наркомания хIажат гьечIо!

## Улкаялъе хIажат руго сахал гIолилал



Гьал къоязда Шамильхъалаялъул культурияб КIалгIаялъуб тIобитIана «Нет террору, нет наркотикам!»,-абураб девизалда гъоркь школазул цIалдохъабазул форум. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна 9-11 классазул цIалдохъабаз, районалъул гIаммаб лъай кьеялъул педагогикиял коллективаз, правоохранительниял органазул хIалтIухъабаз, райадминистрациялъул жавабиял г1адамаз, диниял ва общественниял гIуцIабаз. Форумалда гIахьаллъи гьабизе ячIун йикIана РФялъул РДялда бугеб УФСКялъул хIалтIухъан Хасайбат Валиеваги.



Форумалде байбихьана Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз терроризмалде данде кечI рикIкIиналдасан. Гьединго рихьизабуна террористическиял лъугьа-бахъиназда хурхун видеофильмал.

КIалъазе вахъарав Унсоколо росдал имам АхIмадица бихьизабуна нилъер диналъул терроризмалъулгун щибниги хурхен гьечIилан, гьединго бицана гIадамасул гIумро хвезабулеб наркотиказул, гьекъолеб жоялъул ва цогидалги заралиял жалазул хIакъалъулъ. Гьес гIолилал ахIана сахаб, заралияб гIамал-хасиятазде мугъ рехараб гIумро гьабизе.

Хадуб ГьаракIуни гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз бихьизабуна терроризмалъгун наркоманиялъ обществалъе гьабулеб заралалъул бицунеб театралияб сценка, гьединго гьелда хурхун рикIкIана кучIдул.

*(Ахир 2 гьумералда)*

## Депутатазул Собраниялъул заседание

I8 апрелалда тIобитIана «Унсоколо район» МОялъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб заседание. Гьенибе босун букIана 20I5 соналъул бюджет рукIалиде ккезабиялъул ва 20I4 соналъул бюджет тIубан бугеб куцалъулги суалал. Гьединго тасдикъ гьаруна районалъул территория берцин гьабиялъул КъагIида, районалъул администрациялда цере ругел административиябгун ва саназде рахинчIел лъималазул комиссиязул составал. Гьоркьор лъуна гIемерал цогидалги суалал.

## Праздникалде хIадурлъулаго

20 апрелалда райадминистрациялда букIана аппаратальул совещание. Гьениб райадминистрациялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовас щивав управлениязул ва отделазул нухмалъулезул кIвар буссинабуна КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялде гьабулеб хIадурлъи щвалде щвараб букIине ккеялде.

## ЦIа ккеялдаса цIунизелъун

20 апрелалда республикаялъул МЧСалъул жавабиял гIадамалги гIахьаллъараб данделъи букIана райадминистрациялда. Гьенире ахIун рукIана росабазул бутIрул, школазул ва ясли-ахазул нухмалъулел.

Данделъиялда общественниял бакIазда цIа ккеялдаса цIуниялда хурхун кIалъай гьабуна МЧСалъул вакил Юсуп Супьяновас. Гьес тIадчIей гьабуна ахирияб заманалда Россиялдаго цIа ккеял цIикIкIун рукIиналда, республикаялдаги гьел гIодоре кколел гьечIилан бихьизабу на. Росабазул бутIрузда, школазул ва ясли-ахазул нухмалъулезда тIадаблъун гьабуна цIа ккеялдаса цIуниялъул ва ккун хадур гьаризесел х1алт1абазе х1адурлъи къокъал болжалазда лъугIизаризе.

## Мисалияб субботник



КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон т1убаялъул хIурматалда райадминистрациялъул территориялда субботник гьабуна гьелъул коллективалъ (сураталда). Сверухълъи бацIцIад гьабуна гIалагъважаялдаса, хъахIалъ релъана гъутIби.

Райадминистрациялъул хIалтIухъабаз киналго учреждениял-организациязул хIалтIухъаби ахIулел руго киса-кибего рацIа-ракьалъи чIезабизе.

Терроризм ва наркомания хIажат гьечIо

# Улкаялъе хIажат руго сахал гIолилал

КIалъазе яхъарай Хасайбат Валиевалъ жиндирго кIалъай байбихьана наркотиказ гIадамасул черхалъе гьабулеб зараладасан, гьединго бицана гьекъелмехтелалъул, хъалиян цIаялъул ва цогидалги зарадиял гIамалхасиятаз обществалъе гьабулеб зараралъул. Гьединго Хасайбатица т1адчIей гьабуна Къуръаналда, Библиялда, Евангелиялда ва Торалда ругел рихьизариязда: «Дуе гIумро кьун буго цо нухалъ, дуцаги цогидазе кьезе ккола гьеб»,-ян абуна гьелъ.

ДандчIваялъул ахиралда гьелъ цIалдохъабаздехун хитIаб гьабуна: «Республикаялъе хIажат руго чIахIияб гIел хисизе сахал, гIакълу бугел, хIалтIи бачун бажарулел гIолилал. ГIумро нилъее кьола цо нухалъ ва гьеб тIамизе ккола жибго жинцаго чIваледухъ гуреб, халкъалъе пайдаяб куцалъ. Гьединаллъун рукIа»,-ян хит1аб гьабуна гьелъ.

Форумалъул ахиралда рукIана терроризм ва наркоманиялда хурхун рахъарал суратазул конкурс. Гьениб тIоцебесеб бакI ккуна Шамильхъалаялъул гьоркьохьеб школалъул цIалдохъабаз. КIиабилеб бакIалде рачIана Рихьуни гьоркьохъеб школа, лъабабилеб бакI бикьана Балахьуни ва Генуб гьоркьохъел школазда гьоркьоб. Бергьаразе кьуна гIарцулал сайгъаталги.

Форумалъул ахиралда гIолохъанаб гIеладе хитIаб гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул зам. Сахратула АхIмадовас. Гьес абуна: «ГьабсагIаталда щивав гIолохъанав чиясда цебе чIун буго бищун кIвар бугеб масъала – жиндилъго къуват балагьизе ва абизе «Терроризм ва наркомания гьечIо!»,-абун. Гьеб гуро чIицIго берцинаб лозунг, гьелда бухьараб буго щивав дагъистаниясул ва тIубараб пачалихъалдаго гIадамазул гIумро».

Школлъималазул форумалде гIахьаллъизе рачIаразе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна ахиралда гьес.

ГIолилазул III форумалдаса

# Рагъул гIахьалчагIазе-сиреналъул аллея



Араб хамиз къоялъ Дагъистан республикаялъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул Министерствалъгун цадахъ райадминистрациялъ тIобитIана районалъул гIолилазул форум. Гьенир гIахьаллъана Дагъистан республикаялъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул Министерствалъул вакилзаби М. МикагIилов, М. МухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул зам. С. АхIмадов.

Форум рагьана районалъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комитеталъул пред. А. МухIастановас. Гьес бихьизабуна форумалдаса хадуб ВатIанияб рагъ лъугIун 70 сон тIубаялъул хIурматалда поселокалъул паркалда 70 сиреналъул гьветI чIезе ккolилан.

ГIолилазда ВатIанияб рагъулъ нилъер халкъ бергьиналъул кIваралъул бицана С. АхIмадовас. – Нилъ руго гIассияб рагъулъ бергьараб халкъ. Гьелъул хIурматалда поселокалда гьабулеб буго сиреналъул аллея ва ракIалде нилъерго бахIарзалги щвезарун нилъеца жакъа гьел чIезе ккола. – Районалдаса рагъде ана 940 чи, гьезул тIад руссана 4I0 чи. Рагъул соназдa нилъер районалъ Армиялъе гьабуна кIудияб кумек; Унсоколо районалъ бакIарараб гIарцуде гьабуна имам Шамилил цIаралда эскадрилья ва гьабуна жеги гIемераб кумек. Гьелъухъ баркала кьураб кагъат бачIана районалде И. В. Сталиница.

Рагъулъ районалъ бихьизабураб бахIарчилъиялъул бицун кIалъана М. МикагIилов, М. МухIамадов, М. ГIабдулаев. Хадур 9-11 классазул цIалдохъаби ана паркалде сиреналъул гъутIби чIезе. ГIисинал классазул цIалдохъабазе абуни гьаруна тарбия кьеялъулал малъахъваял.

***Нижер мухбир.***

# Генуб школалда - «Лес Победы» акция



КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялде I0-22 апрелалда Генуб школалда тIобитIана «Лес Победы» акция, ай щивав рагъда чIварав рагъул гIахьалчиясул цIаралда чIана гъутIби. Гьелда гьоркьор гIахьаллъана школалъул коллектив, умумал,



диниял цере хъаби ва ветераназул ирсилал. Гьеб ишалъе бихьизабун букIана 3 сотых ракьалъул, гьенир чIана 50 пихьил гьветI, I9 чIана общественниял бакIазда.

Гьеб ишалъулъ жигарчилъи бихьизабуна чIахIиял классазул цIалдохъабаз. (суратазда)

# ПРОТОКОЛ

публичных слушаний по проекту Устава муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район)

16 апреля 2015 года п. Шамилькала

**Председательствующий-заместитель председателя Собрания депутатов муниципального района - Расулгаджиев Р. Д.**
**Секретарь – Абдурахманов А.М.**
**Присутствовало -110 человек.**

С докладом выступил заместитель председателя Собрания депутатов муниципального района Расулгаджиев Р.Д. Он ознакомил участников слушаний с проектом Устава муниципального образования «Унцукульский район» в новой редакции, разъяснил необходимость и важность его принятия. Данный проект Устава вначале был опубликован в районной газете «Садовод» для ознакомления граждан и представления предложений и замечаний по проекту. Однако на сегодняшний день в рабочую группу не поступило ни одно предложение, хотя у населения была возможность изучить и внести свои предложения. Я предлагаю вам одобрить проект Устава. В свою очередь вы имеете право высказать свое мнение по данному проекту.

**С предложениями выступили:**

1. Магомедалиева А. М. –предложила одобрить проект Устава МО «Унцукульский район.
2. Алиева П.М. –поддержала предложение об одобрении про-екта Устава и предложила проголосовать за его принятие, потому что он подготовлен в соответствии с требованиями закона, с учетом изменений, дополнений, внесенных в базисный закон о местном самоуправлении – в федеральный закон «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации».
3. Магомедов А.М. – тоже поддержал представленный проект решения.
4. Гаджиев М.Г. – поддержал и одобрил проект решения.

По результатам голосования определено, что все единогласно одобряют проект Устава МО «Унцукульский район».

Обсудив доклад заместителя председателя Собрания депутатов муниципального района Расулгаджиева Р.Д. и заслушав поступившие предложения, участники публичных слушаний по проекту Устава МО «Унцукульский район», РЕШИЛИ:

1. Одобрить предложенный проект Устава муниципального образования «Унцукульский район».

**Зам. председателя Собрания Расулгаджиев Р. Д.**

**Секретарь Абдурахманов А. М.**

## ЗАКЛЮЧЕНИЕ

**по результатам публичных слушаний по проекту устава муниципального образования «Унцукульский район»**

16 апреля 2015 года п. Шамилькала

Публичные слушания по проекту Устава муниципального образования «Унцукульский район» были проведены по инициативе Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» на основании решения Собрания депутатов муниципального района от 20 марта 2015 года №141

Присутствовали – 110 человек.
Выступили - 4 человек.

Путем голосования установлено, что проект Устава МО одобрен единогласно всеми участниками публичных слушаний муниципального образования «Унцукульский район».

**Зам. председателя Собрания Расулгаджиев Р. Д.**

**Секретарь Абдурахманов А. М.**

КIудияб Бергьенлъиялъ - 70 сон

# Дир рагъулал сонал

**Генуб росулъа КIудияб ВатIанияб рагъул жигарав гIахьалчи, 900 сордо-къоялъ Ленинградалъул блокадаялда вукIарав МухIамадов ХIажигIабдулагьица гьаб кагъат хъван бугоан чанго соналъ цебе рагъ байбихьараб къо – 22 июналда газеталда лъезе. Гьунаралъул бицине кидаго кватIун букIунаро. Мунагьал чураяв Х1ажиг1абдулагьил гьаб кагъат газеталда бахъулагоги нижеца гьедин хIисаб гьабуна.**

Дун гIенеккун вуго Москвалдасан ТIолгосоюзалъул радиоялъ рагъул къоязул хIакъалъулъ кьолел передачабазухъ. РагIула рагъул кьогIал къоязул хIакъалъулъ гьеб захIмалъи кIигъеж гьабун баччаразул кIалъаял. ЦIидасанги дир гIундул гIарадабазул хъуялъ гъугъ гьарулел ругин ккола, дир беразда цебе цIидасанги паркъулел руго балагьаб рагъул сурат... Ва жакъаги дир черхалда цIидасанги ругънал ссудулел ругин ккола. Доб букIана балагьаб ва гIассияб рагъ...

Рагъ ккараб I94I соналъул 22 июналда нижер, I0 кьвагьдохъабазул дивизиялде гъорлъе унеб, 94 абилеб саперазул батальон букIана Литваялда. ТIоцебе тушманасул гучаб рагъулаб кьаби тIаде ккана нижеда. 25 июналда гIицIго лъабго чи ворчIана нижер Ригаялде, Прибалтикаялъул рагъулаб округалде. Нижерго дивизиялъул цо чигIаги дандчIвачIо гьенив. Рагъулаб округалъ ниж ритIана Псковалде ва нижеца хъулухъ гьабулеб букIана 295 абилеб хасаб инжинерлъиялъул саперазул батальоналда. Гьеб букIана I94I соналъул I июль.

Немцазул чияр ракьал рахъулелгун бахIарчилъиялда рагъулел рукIана нижер батальоналъул рагъухъаби. Гьез Латвиялъул ва Эстониялъул авлахъазда лъолаан минаби, кьвагьизарулаан кьоял, тушманасе нухал къотIизарулаан. Тушманасул къуват тIадеялдаса тIаде цIикIкIунеб букIана. Гьез нижер микьабилеб армия Эстониялъул ракьалда сверун ккевезе хIисаб гьабулеб букIана. Цо талихIалъ нижее рес щвана Ленинград областалде рорчIизе. Гьеб букIана августалда. 3-4 сентябралда абуни ниж тушманас тIуранго сверун ккуна.

900 сордо-къоялъ ниж хутIана гьеб горсверуда. Нижер блокадаялда абулаан «Ораниенбаумский пятачок» абун. Финский заливалъул рагIалда букIана гьеб. Ленинградалдасанги букIинчIо гьенибе нух ва гьеб рикIкIунаан бищунго захIматаб сверун ккураб бакIлъун. Амма тушманасе къуркьичIо ниж.

I944 соналъул январалда байбихьана кIиабилеб ударнияб армиялъ ва 42 армиялъги Ленинградалдаса нижер «пятачокалде» нух рагьизе. КIиябго армия данделъана Рапша абулеб росулъ ва гьез тушман Эстониялде кIанцIизавуна, ай нахъе цIазавуна. Гьебго соналъул июль-август моцIалда тушманасдаса эркен гьабуна Эстонияги. Хадуб нижеца эркен гьабуна Литва, Латвия, Польша.

Баянаб букIахъе Советияб армиялъ I945 соналда тушман жиндирго рукIниве – Германиялде кIанцIизавуна ва гьенив щущахъ вихxизавуна. Нижецаги рахъана немцазул Штетин, Росток, Штральзунд, Вельгасть гIадал шагьарал. Диего КIудияб ВатIаналъул рагъ лъугIана тушманасул мугъ чIвалеб бакIлъун букIараб Узе-Зитволев чIинкIиллъи бахъун хадуб, I945 соналъул 5 маялда.

Бергьенлъи. Гьеб букIана кIудияб рохел. Нилъер бахIарчияб армиялъ гIицIго Советазул улка гуребги, хъамалчагIаздаса эркен гьабуна тIолабго Европа. Ахир лъуна гитлерилаб фашизмалъе.

Рагъда тIокIлъи бихьизабиялъе гIоло ТIадегIанав бетIерав командиющиясул буюрухъалдалъун щуго нухалда баркалаялъе мустахIикълъана дун. Дие кьун руго орденал ва медалал. Гьел руго тIадегIанал пачалихъалъулал шапакъатал. Амма бищунго кIудияб шапакъатлъун дица рикIкIунаан эркенаб улкаялда ракълилаб зобалда гъоркь гIумру гьабун вукIин. Гьелдаса кIудияб талихI гьечIо.

**ХIажигIабдула МУХIАМАДОВ.**

## «Неделя добра» тIобитIана

20 апрелалда Рихьуни гьоркьохъеб школалда гIисинал классазда гьоркьоб тIобитIана «ЛъикIлъи гьабиялъул анкь». Гьелъул аслияб мурад букIана лъималазулъ киналго лъугьа-бахъиназде хIаракатчилъи куцай, гурхIел-рахIмуялъул асар гьезулъ щула гьаби.

**«…ГIедегIе, нуж, лъикIлъи гьабизе, Квешлъидуй заман хутIунгутIизе»,-** ян абурал рагIабаздасан байбихьана гьеб.

ТIоцебе «Неделя добра» тIобитIана I997 соналда Россиялда. Гьелъул тарихалъулгун лъай-хъвай гьабуна байбихьуда лъималазулгун.

ЛъикIлъи бищунго лъикIаб



качество ккола чиясул. Гьелъ берцин гьабула гIумро, сах гьабула лъукъараб ракI. Рихьундеридасан лъик1лъи малъиялъе мисал босани лъикI букIинаан цогидал школаздаги.

## Ветераназулгун дандчIвай





Райадминистрациялда букIана ГIашилтIа росулъа КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе, гьезул къоролзабазе, тылалда захIмат баччаразе медалал ва гIарцулал сайгъатал кьеялда буссараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул зам. С. АхIмадов ва районалъул Ветераназул Советалъул пред. С. МухIамадов. Гьез рагъул ва тылалъул гIахьалчагIазда баркана тIаде щолеб Бергьенлъиялъул къо, гьарана сахлъи, рохел. Гьезие хIадур гьабун букIана праздникалъулаб стол, гьелдаса хадур рахъана суратал.

Тадбирал гьаризе руго цоги рагъул ветеран ва гьесде гIагарарал кIвар кьеялдаса рорчIизе течIого рукIиналъе.

# Ражаб моцI

Хирияб хIадисалда аварагас (с. т. гI. в.) абун буго: «Адамил лъимералъ гьабулеб кинабниги гIамал гьесие буго, кIал кквей хутIизегIан, гьеб буго Дие кколеб жо, Дицаго гьелъухъ жазаги гьабизе буго»,-ян (Муслим, Бухари). Жинда свалат-салам лъеяв аварагас абуна: «Аллагьасул нухда цо къоялъ кIал ккурав чи Аллагьас 70 соналъул манзилалда жужахIалдаса рикIкIад гьавула»,-ян. Аллагь разилъаяв иман Гъазалияс хъвалеб буго: «Дуца гIицIго паризаял кIалал ккун, мун гьелда къокълъун чIоге, мун гьелда къокълъани, ахираталда суннатал кIалал ккуразе щолеб хайир бихьараб мехалъ мунго пашманлъизе вуго»,-ян.

Аварагасдасан (с. т. гI. в.) бачIун буго: «Ражаб- Аллагьасул моцI буго, ШагIбан дир моцI буго ва Рамазан дир умматалъул моцI буго»,-ян.

РахIматал чвахулеб баркаталъул моцI
ЦIилъараб батаги дин-исламалъе!
Аллагьасул моцIан цIар тараб шагьру,
Тавпикъ кьеги, нижей, дур адаб кквезе!

(ЧIикIаса СагIид-афанди).

Ражаб ккола исламияб календаралда рекъон анкьабилеб моцI. Ражаб абураб цIар бачIана «Ражаба» абураб гIараб рагIиялдасан. Гьелъул магIнаги ккола кIодо гьабула,-ян абураб.

Ислам бачIиналде цебеги гIарабаз кIодо гьабулеб моцI букIана гьеб. Гьеб моцIалъул къоло анлъабилеб сордо ккола МигIражалъул сордо. Гьеб сордоялъ лъиего кьечIеб, бищун тIадегIанаб даражаялде вахинавуна нилъер авараг (с. т. гI. в.). Ражаб моцI ккола жидеда жаниб рагъ хIарам гьабурал хIурматиял моцIазул цоявлъун, гьел моцIал тIаде щвараб мехалъ ислам бачIинегIанги гIарабаз рагъ къотIизе толаан.

Аварагас (с. т. гI. в.) абулеб буго: «Нужеца гьел рагъ хIарам гьабурал къояз кIал кквe ва нужеда кIвараб гIамал гьабе, ТIадегIанав Аллагьасда нужее кири кьун чIалгIунаро, нужедаго гIамал гьабун чIалгIинегIан»,-ян.

Ражаб моцIалъ кIал кквеялъул хиралъи

Ражаб моцIалъ кIал кквеялъул хIакъалъулъ рачIарал хIадисазул киналго рехсон бажариларо, рехсела дагьалго. Аварагасул (с. т. гI. в.) хIадис буго: «Щив чи вугониги ражабалъ къого кIал ккурав, зодосан ахIулила: «Ле, Аллагьасул лагъ, дур церехун ккарал мунагьал Аллагьас чурана. Гьанже дуца бачIунеб заманалъулъ дурго гIамал цIи гьабе»,-ян.

Гьединго, аварагасдасан (с. т. гI. в.) бачIун буго: «Щив чи вугониги ражаб моцIалъ кIиго кIал ккурав, Аллагьасда аскIоб гьесие букIине бугеб кIодолъиялъул сипат гьабун бажаруларо». Гьединго: «Щив чи вугониги Ражаб моцIалъ цо кIал ккурав, гьев чи вуго 40 соналъ кIал ккурав чиясда релъун». Аварагас (с. т. гI. в.) бицараб хIадисалда буго: «Щив чияс ражаб моцIалъ кIал ккуниги, Аллагьас жиндаго тIаде босун буго лъабго жо: церехун аралщинал мунагьал чури; хутIараб гIумруялъулъ цIуни; Къиямасеб къоялъ къечалдаса божилъи».

Гьединго, Ражаб моцIалъул хиралъиялъул хIакъалъулъ аварагасдасан (с. т. гI. в.) бачIун буго: «Ражабалъул цогидал моцIаздаса хиралъи цогидаб каламалда гьоркьоб Къуръаналъул хиралъиялда релъун буго».

Къиямасеб къо чIараб мехалъ абулила» «Кир ругел ражабию нал» ,- абун. Цинги нур баккун бачIунила пардавалда нахъасан, гьеб нуралда нахъ рилъунила ЖабрагIилги, МикагIилги, Исрапилги ражабиюнал доб нуралда аскIосан инегIан гьел толила гьезие хIадурараб бакIалда, цинги Аллгьасе сужда гьабулила ва гьезда абулила «Нужеца нужерго бутIрул рорхе, нужеца гьеб дунялалдаго тIабазабуна, нуж а нужерго тIадегIанал макъамазде».

Аварагас (с. т. гI. в.) абулеб буго: «Алжаналда буго гIор Ражабилан цIар бугеб, рахьалдасаги хъахIаб, гьоцIоялдасаги гьуинаб. Щив чи вугониги Ражаб моцIалъул цониги кIал ккун, Аллагьас гьесие гьеб гIоралдаса лъим гьекъезе кьола».

Алжаналда жаниб цо гIор бугила
Ражабин цIар бугеб, цIакъ лъим гьуинаб,
Гьеб моцIалъ цониги кIал кквечIевасе
КIал чIвазе щолареб, щваги нилъее!

(ЧIикIаса СагIид-афанди).

Аварагас (ЧIикIаса СагIид-афанди). Абун буго «Ле, гIадамал, нужеца гIин тIаме. ХIакълъунго, Ражаб – Аллагьасул моцI буго. ШагIбан дир моцI буго, Рамазанги – дир умматалъул моцI буго. Жинца иманги лъун к1ал кквеялъ Аллагь разилъиги щола Фирдавс абулеб алжаналдеги лъугьуна. КIиго кIал ккурасе кIиго нухалъ цIикIкIун кири щола. Лъабго кIал ккурасе Аллагьас гьесдаги жужахIалдаги гьоркьоб хандакъ гьабула, жиндир гIеблъи азарго соналъул манзил бугеб. Ункъго кIал ккурав чи цIунула жунун, жузам, барас,- абулел унтабаздаса, Дажжалил питнаялдаса, щуго кIал ккурав чи хабал гIазабалдаса цIунула, анлъго кIал ккурав чи хабалъа къватIиве махIшаралда вахъуна, бащалъараб сордоялъ цIураб моцIалдасаги жиндир гьумер гвангъун. Анкьго кIал ккурасе жужахIалъул анкьабго нуцIа къала. Микьго кIал ккурасе Алжаналъул микьабго каву рагьула. ИчIго кIал ккурав чи хабалъа къватIиве вахъуна «Ла илагьа иллалагьиланги» ахIулаго ва Алжаналде жаниве лъугьине гьесие щибго квалквалги гьабуларо. АнцIго кIал ккурасе Аллагьас СиратIалъул кьода щибаб миладда рахIатаб вегизе бакI хIадурула. 11 кIал ккурасдаса къиямасеб къоялъ хирияв чи вукIине гьечIо, гьебго къадаралъ яги гьелдаса цIикIкIун ккурав гурони. I2 кIал ккурав чиясда Аллагьас кIиго берцинаб ретIел ретIуна, тIолго дунялалдасаго лъикIаб. I3 кIал ккурасе ГIарщалда гъоркь тIад квен лъураб тIутI лъола ва гьев кванала цогидал гIадамал захIмалъи-къварилъиялда ругеб мехалъ. I4 кIал ккурасе Аллагьас кьола бералда рихьичIел, гIиналда рагIичIел, гIадамасул ракIалдеги ккечIел нигIматал. I5 къоялъ кIал ккурав чи Аллагьас чIезавула Къиямасеб къоялъ гIазаб-гIакъубалдаса божи бугеб бакIалда. I6 къоялъ кIал ккурав Аллагьасухъе зиярат гьабулезулги, Гьесде балагьулезулги, гьевгун кIалъалезулги тIоцевесевлъун вукIина. I7 къоялъ кIал ккурасе СиратIалъул кьоялда тIад рахIат гьабизе бакI хIадурула. I8 къоялъ кIал ккурав чи Ибрагьим аварагнгун цадахъ гьесул хъалаялъув вукIуна. I9 къоялъ кIал ккурасе Аллагьас Адам ва Ибрагьим аварагзабазул хъулбузда дандбитIухъ хъала бала. 20 кIал ккурасе зодосан ахIула: «Ле, Аллагьасул лагъ, дур цере гьарун арал киналго мунагьал чурана, гьанже хутIараб гIумруялъ дуего бацIцIадаб гIумру гьабизе байбихье»,-ян.

Зуннун Аль-мисрияс абуна: «Ражаб буго рекьарулеб моцI. ШагIбан – лъалъалеб моцI. Рамазан – бачIин бакIарулеб моцI. Щивас бакIарула жинцаго бекьараб ва рекьарулеб заман гIадада хвезабурав чи бакIарулеб заман щведал пашманлъула».

Аварагасда (с. т. гI. в.) гьикъана Ражаб моцIалъ кIал кквезе кIоларев чияс щиб гьабилебан. Гьес абуна: «Щибаб къоялъ цо панкъ садакъаде кьела»,-ян. Гьебги кIолеб гьечIони щиб гьабилебилан гьикъидал, гьес абуна: «Гьев чияс щибаб къоялъ абила «Субхlана манн ла янбагъи тасбихIу илла лагьу, СубхIанал агIаззил акрам, СубхIана манн лагьул гIиззу ва гьува лагьу агьлун»,-абун.

ТIоцебесеб хамиз Ражаб моцIалъул
ЦIакъго хира буго, кIал тIобитIизе.
Хадуб рузман сордо чIаго гьабуни,
Гьелъул кири бицун, хъвазе кIвеларо.

(ЧIикIаса СагIид-афанди).

Ражаб моцIалъул буго Лайлату-р-рагъаиб абулеб сордо. Гьебги ккола имам Гъазалияс «ИхIяъалда» рехсохъе, Ражаб моцIалъул тIоцебесеб рузман сордо. Гьелъул хIакъалъулъ аварагасдасан (с. т. гI. в.) бачIун буго: «Нуж гьеб сордоялъ гъапуллъуге, хIакълъунго, гьеб буго малаикзабаз лайлату-р-рагьаибилан, ай ракIгъезабулеб сордойилан жинда абулеб сордо. Гьеб сордоялъ зоб-ракьалда вугев цониги Аллагьасде гIагарав малаик хутIуларила КагIбаялдаги гьелда сверухъги данделъун гурого. Цинги, Аллагьас абунила: «Нужеего бокьараб жо гьаре»,-ян. гьез абулила, нижее хIажат бугин Дуца Ражаб моцIалъ кIал ккуразул мунагьал чури,-абун.

## Наркомания гьукъизе ккола



16 апрелалда Унсоколо № 1 школалда тIобитIана эбел-инсул гIаммаб собрание. Гьениб гIолеб черхалъе наркотиказ кьолеб зараралъул бицана нарколог Р. ХIамзатовас, хъалиялъгун алькоголалъ ва цогидалги цIалел жалаз гьабулеб зараралъул бицана райбольницаялъул терапевт Н. МирзахIажиевалъ.

Данделъиялда лъимал гьел квешал пишабаздаса цIунизе хIажат букIиналъул хIакъалъулъ гIатIидго бицана хадур кIалъазе рахъарал Унсоколо росдал ЧIахIиязул Советалъул пред. М. МуртазагIалиевас, школалъул директор М-ХI. ГIабдурахIмановас. Гьез бихьизабуна гIун бачIунеб гIел наркотиказдаса, спайсаздаса, хъалиялдаса ва цогидалги черхалъе заралиял цIалел жалаздаса цIуниялъе кутакалда кIвар кьураб хIалтIи гьабизе хIажат бугилан, гьелда хурхун гьабулеб хIалтIи рокъоб улбузги, хадуб школаздаги кутаклъизабизе къваригIун бугилан.

## Пайдаял малъа-хъваял

* ЦIарагIалда ччугIил яги пералъул махI батани, гьеб чуризе ккола къанцIа гъорлъе тIураб лъеца.

* Пералъул кумекалдалъун кIола нусаздаса ва гIучIаздаса кьаву инабизе.

* Хрусталалъул цIа-рагI чуризе бегьуларо бухIараб лъеца. Нагагь чурани, гьеб бецIлъула. ЛъикIаб буго синка гъорлъе тIураб лъеца ххулизе, хадуб салфеткаялъ бацIцIине.

* ЦIорол цIа-рагI кунчI-кунчIула цIам ялъуни къанцIа гъорлъе тIураб лъеца чурани.

* Жаниб пер ялъуни хIан букIараб пластмассаялъул алатаздаса махI бахъунаро сода гъорлъе бараб лъеца чурани.

* Гьан ххунеб машина чуризе гIемерго бигьалъула, гьан ххун хадуса гьелда жанисан картошка ялъуни чед биччани.

* Чайникалъуса заваркаялъул кьер инабизе ккани, гьеб жаниса бацIцIине ккола содаялъ ва бухIилеб лъеца чурун.

* Термосалдаса квешаб махI инабизе ва гьеб бацIцIад гьабизе кIола, гьелда жаниб пиринчIалъул кIиго гъудги бан, тIаде хинаб лъимги тIун, лъикIго хвалчезабуни. Хадуб, термос хулила бухIилеб лъеца.

* Форма хварал цIулал доскаби ва цогидал жал рукIараб къагIидаялде рачIинаризе кIола цо къоялъ риччарал салфеткабазда гьоркьорги лъун, бакIаб жо тIад лъун тани.

* ЩагIил цIа-рагI данде ккола корониб квен гьабизе. Гьелда жаниб квен гьабизе захIмат букIуна. ХачIаб букIиналъ чуризеги санагIат гьечIеб букIуна. ХIалтIизабилалде цебе щагIил цIияб цIарагIалда жаниб гьализабизе ккола къанцIагун жубараб лъим. Гьелъ бачIинабула щагIида гъорлъ бугеб цинк. ЦIорол цIарагIалда жаниб бокьухъе квен гьабизе бегьула, гьелъул кинабгIаги заралги букIунаро.

### ЛЪАЗАБИЯЛ

I980 соналъул 25 июналда ГIисаев Сурхай Набигулаевичасул цIаралда Унсоколо №I гьоркьохъеб школалдаса кьураб Д-465282 номер бугеб аттестат тIагIун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

* * *

2008 соналъул 14 марталда ГIашилтIа совхозалъул МУПалъул цIаралда кьураб 05 АА № 119639 бугеб зеленкаялъул документ тIаг1ун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br><br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация<br>Унцукульского района<br><br>Главный редактор<br><br>САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br><br>Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.<br><br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>с. Унцукуль<br>ул. Мустафаева 28<br><br>Телефон редактора<br>55-63-07<br>sadovoduns@yandex.ru | Адрес издателя:<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать -22 . 4. 15 г. 17.30<br>фактически -18.20 мин.<br>......................................<br>Газета выходит 52 раз в год<br>на аварском и русском языках<br>Тираж - 1500 экз. |